# ANA TILI SABAǴÍNDA OYÍNǴA TIYKARLANǴAN INFORMACIYALÍQ TEXNOLOGIYALARDÍ QOLLANÍWDÍ JETILISTIRIW

**_Dilaram Aytmuratova_**
*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagogikalıq sheberlik orayınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni metodisti*
**_Ayjamal Jiyemuratova_**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti izleniwshisi*

**Annotaciya:** Bul maqalada qaraqalpaq tilin oqıtıwda zamanagóy sabaq usıllarınan paydalanıp, informaciyalıq texnologiyalardı qollanıw hám oqıw nátiyjeliligin arttırıw boyınsha máseleler haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

**Gilt sózler:** kahoot, informaciyalıq texnologiya, metodika, kompetensiya, jazıw

**Аннотация:** В данной статье приведены сведения по вопросам применения информационных технологий и повышения эффективности обучения с использованием современных методов обучения каракалпакскому языку.

**Ключевые слова:** kahoot, информационные технологии, методика, компетенция, письмо

**Annotation:** This article provides information on issues related to the use of information technologies and increasing the effectiveness of learning using modern lesson methods in teaching the Karakalpak language.

**Keywords:** kahoot, information technology, methodology, competence, writing

«Bilimlendiriw haqqında»ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı mámleketimizde usı tarawda ámelge asırılatuǵın is-ilajlarǵa tiykar bolıp xızmet etedi. Nızamnıń 36-statyasında: "Bilimlendiriw tarawındaǵı eksperimental hám innovaciyalıq iskerlik tálimdi modernizaciya qılıw maqsetinde ámelge asırıladı hám de jańa tálim texnologiyaları hám resursların islep shıǵıwǵa, olardı sınawdan ótkeriwge hám de jańa tálim texnologiyaları hám resursların islep shıǵıwǵa, olardı sınawdan ótkeriwge hám de tálim processinde qollanıwǵa qaratılǵan"[1] dep belgilep ótilgen.

Ótken jıllar dawamında mámleketimizde jámiyettiń hár bir tarawın informaciyalastırıw boyınsha qatar is-ilajlar ámelge asırıldı. Mákeme hám shólkemler, oqıw orınları sońǵı modeldegi kompyuterler menen támiyinlendi. Internetten paydalanıw múmkinshiligi keńeydi. Elektron sabaqlıqlar, simulyaciyalar, programmalar jaratıldı. Bul process jámiyetke kompyuter sawatqanlıǵına iye bolǵan qánigelerdi tayarlap, jumıs ónimliliginiń artıwına sebep boldı. Oqıtıwdıń mazmunı metodikanıń tiykarǵı máselelerinen biri. Házirgi kúnde ulıwma orta bilim beriw

[1] Lex.uz

mákemelerinde ana tili pánin oqıtıwdıń mazmun-mánisi degende: oqıwshılarǵa beriletuǵın tálim-tárbiyanıń maqset hám wazıypaları menen anıqlanatuǵın bilimler, materiallar, shınıǵıwlar hám kónlikpe payda etiw qásiyeti hám maǵlıwmatlar kólemi túsiniledi. Pándi oqıtıwda jaratılǵan sharayat, oqıtıw bólmesi, sabaq ushın tańlanǵan metod, usıl, shınıǵıw, oqıwshı hám muǵallim arasındaǵı kommunikaciyalıq baylanıs, oqıwshınıń psixologiyalıq jaǵdayı áhmiyetli. Optimallastırıw oqıwshılarda hár qıylı boladı. Sebebi, hár bir oqıwshı ózgeshe bir individ.

Oqıtıw processinde jańa informaciyalıq texnologiyalardan paydalanıwdı dáslep shet elli ilimpazlar (R.Vilyame, K.Douling, M.D,Roblier) usınıs etti. Didaktikalıq hám metodikalıq bilim beriw processin informaciyalıq texnologiyalar arqalı ámelge asırıwda S.A.Beshenkov, A.I,Bochkin, I.V.Robert hám t.b alımlardıń ilimiy miynetlerinde bahalı pikirler bildirilgen. Bilim beriwde informaciyalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń psixologiyalıq hám pedagoggikalıq tiykarları T.N.Brusnecovanıń miynetinde berilgen.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq tili tiykarǵı pán sıpatında úyretiledi. Bul pán boyınsha oqıw baǵdalamasına sáykes sabaqlıqlar jaratılǵan. 5-6-7-10 klass oqıwshıları ushın jańa áwlad sabaqlıqları baspadan shıǵarılǵan. Bul sabaqlıqlar aldıńǵı jıllarda shıqqan sabaqlıqlardan túpten parıq qıladı. Sebebi, búgingi globallasıw sharayatında zaman menen teń qádem taslap dúnyalıq bilimlerdi jas áwladqa úyretip barıw bilimlendiriw tarawındaǵı tiykarǵı wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Jámiyettiń rawajlanıwı, jańalıqlardıń, texnologiyalardıń ómirimizge kirip keliwi oqıwshılardıń kózqarasların ózgertpekte. Sol sebepli qaraqalpaq tilin oqıtıwda zamanagóy innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw zárúrligi payda bolmaqta. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq tilin hám ádebiyatın oqıtıw máseleleri hám metodikası boyınsha belgili metodist alımlar E.Berdimuratov, Q.Pirniyazov, B.Qutlımuratov, Á.Nasrullaev, Q.Qojanazarov, Sh.Allaniyazova, J.Táńirbergenov, Q.Yusupov, A.Paxratdinov hám basqalar tárepinen ilimiy izertlew jumısları alıp barılıp, nátiyjeler járiyalanǵan.

Ilimpaz B.Qutlımuratov “Qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń ayırım máseleleri” miynetinde: “Mekteplerde qaraqalpaq tilin hám hár tárepleme úyretiw-oqıwshılardıń bilimdi tereń iyelep alıwın támiyinleydi, oqıwshılardıń logikalıq oylawın rawajlandıradı, miynetke bolǵan súyiwshiligin arttıradı, jámiyetlik turmısqa materialistlik kózqarasın qáliplestiredi”[2] dep belgilep ótken. Jámiyet hám ondaǵı bilimlendiriw tarawın informaciyalastırıw boyınsha dúnyanıń rawajlanǵan mámleketlerinde arnawlı baǵdarlamalar islep shıǵılǵan. Bul baǵdardaǵı eń úlken jumıslar Qubla Koreya, Singapur, Finlandiya, Qıtay Xalıq Respublikası, Daniya, Jańa Zelandiya, Kanada hám AQSh mámleketlerinde ámelge asırılmaqta.

[2] Б.Кутлымуратов Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери Нөкис Билим 3-бет

Sabaq processinde jańa mağlıwmatlardı jetkeriwden aldın oqıtıwshı olardıń dáslepki alğan bilimlerin, túsiniklerin anıqlastıradı, bir sistemağa saladı, alınğan bilimler hár qıylı kórgizbeli qurallar, slaydlar, multimedia materialları, tarqatpa materiallar, qosımsha ádebiyatlar menen bekkemlense maqsetke muwapıq boladı. Sabaq dawamında alıp barılatuğın tálim-tárbiya jumıslarınıń tiykarğı elementleriniń biri oqıwshılardıń ózara qarım-qatnası, erkin pikirley alıwı, oqıw hám ámeliy tapsırmalardı orınlay alıwı htb.

Qaraqalpaq tilin oqıtıwda qollanılatuğın tiykarğı informaciyalıq texnologiyalar bul-interaktiv platformalar, elektron sabaqlıqlar, audio hám video materiallar. Búgingi zaman oqıwshısınan aldında bolıw, innovaciyalıq texnologiyalardı sabaq dawamında qollana alıw oqıtıwshı ushın qoyılğan baslı talaplardan biri. Sonlıqtan, óz waqtında pedagogikalıq jańalıqlardı ózlestiriw, olardı jetilistiriw hám nátiyjeli qollaw hár bir oqıtıwshınıń tiykarğı wazıypası.

Qaraqalpaq tili pánin oqıtıw boyınsha usı kúnge shekem izertlengen jumıslarda kórgizbeli oqıtıw, sóz shaqapların úyreniw, pedagogikalıq-innovaciyalıq texnologiyalar arqalı oqıtıw metodikası úyrenildi. Metodika-búgingi kúnde ilim tarawı hám tálim-tárbiya usılı bolıp qalmastan oqıwshılardıń oy-órisin rawajlandırıwshı qurallardı qollanıwğa baylanıslı pán bolıp esaplanadı. Sol sebepli ana tilin úyreniwge fundamental tárepten de áhmiyet beriliwi kerek. Tildi úyreniw arqalı oqıwshı qorshağan ortalıq penen tanısadı, mádeniyatlılıqtı úyrenedi.

Házirgi kúnde sabaqtı dástúriy emes usıllarda shólkemlestiriw oqıtıwdağı eń nátiyjeli formalardan biri. Sebebi, informaciyalıq texnologiyalar arqalı bilim beriw shaxstı qáliplestiriwge xızmet qıladı. Oyınğa tiykarlanğan oqıw platformaları oqıw strategiyasına oyın elementlerin kirgiziw arqalı oqıwshılar belsendiligin hám bilim beriw nátiyjeliligin arttırıwğa qaratılğan texnologiyalar bolıp esaplanadı. Informaciyalıq texnologiyalardıń jetilisip barıwı oqıtıwshılar ushın da kóplegen múmkinshilikler jarattı. Oyın kórinisindegi tálim platformaları oqıwshılardı maqset qoyıwğa, tez pikirlewge, erkin pikir bildiriwge, mashqalalardı sheshiwge hám kommunikaciyalıq kompetensiyalardı jetilistiriwge ámeliy járdem beredi.

Házirgi kúnde hár qıylı interaktiv shınığıwlardı orınlawğa arnalğan bir qansha multimedia quralları hám veb-saytlar bar. 10-klass Ana tili sabaqlığında **Jazıw hám tekst**. **Jazıwdıń payda bolıw tariyxı. Jazıw túrleri. Tekst** temasına (I sherek) bir saat ajıratılğan. Bul temanı bekkemlew ushın Kahoot platformasınan paydalanıw múmkin. Kahoot-júdá qolay tálim platforması bolıp, 2013-jılda Norvegiyada jaratılğan. Onda bir waqıttıń ózinde 30 oqıwshı qatnasa aladı. Platforma tiykarınan toparlarda islew ushın arnalğan. Talabalar **VNC, Jitsi, Skype** yamasa **Google Hangouts** arqalı interaktiv taxta, proyektor, monitor yamasa virtual uzatulatuğın ekran sıyaqlı ulıwma ekran átirapında jıynaladı. Oyın ápiwayı: barlıq qatnasıwshılar bir waqıttıń ózinde óz qurılmalarındağı sorawlarğa juwap beredi. Sorawlar ekranda birme0bir oqıwshılarğa

kórsetiledi. Qatnasıwshılar hár bir durıs juwap ushın ball aladı. Viktorina aqırında barlıq qatnasıwshılardıń sorawlarǵa juwap beriwde toplaǵan balları ekranda kórsetiledi. Oyında qatnasıw ushın májbúriy dizimnen ótiw shárt emes. Viktorinalar, oyınlar hám testler jaratıw imkaniyatı bar. Platformanıń veb saytı hám mobil qosımshası jaratılǵan. Platformanıń dástúriy test hám viktorinalardan bir qansha abzallıqları bar:

1. Dizaynı ózgeshe;
2. Oyın elementleri oqıwshını kreativ pikirlewge baǵdarlaydı;
3. Test juwmaǵın sol waqıtta kóriw múmkinshiligi jaratılǵan;
4. Jaratılǵan viktorinalar plarformadaǵı jeke bette saqlanıp turadı.

Aldı menen mobil qosımshadan yaki brauzer arqalı jańa akkaunt ashıladı. Jańa viktorina jaratıw ushın **Create** jazıwı tańlanıp, **Title** jazıwına basıladı. Soń **Add question** belgisi arqalı kerekli bólim tańlanıp test jaratıladı. Sorawlarǵa juwap beriw ushın 30-60 sekund waqıt beriledi. **Jazıw hám tekst**. **Jazıwdıń payda bolıw tariyxı. Jazıw túrleri. Tekst** temasınıń bekkemlew basqıshında bul platforma járdeminde jaratılǵan test sorawları tómendegishe:




*(Kahoot saytı járdeminde dúzilgen viktorina)*

Sonday-aq qosıw **(+)** belgisi arqalı platformadaǵı súwretlerden paydalanıw imkaniyatı berilgen. Platformada **True, False** (tuwrı, qáte) hám tórt variantqa iye shablonları pulsız, basqaları pullı. Sorawlardı sheshiw ushın silteme (https://create.kahoot.it/share/jazwdn-turleri/c48181f3-7991-483f-8478-10380dcb94f8) oqıwshılarǵa jiberiledi soń QR kod yaki pinkod arqalı tapsırmalar orınlanadı. Tapsırmalardı orınlaw ele de qızıqlı bolıwı ushın hár qıylı muzıka seslerin de qosıw múmkin. Oqıwshı tapsırmanı orınlaǵannan soń durıs nadurıslıǵın kóre aladı. Platformanıń ózgesheligi tapsırmanı orınlaw ushın dizimnen ótiw talap etilmeydi. interaktiv platforması arqalı úyretiw oqıwshılarda tómendegi bilim hám kónlikpeler qáliplesedi:

1. Ana tili pánin úyreniwge qızıǵıwshılıǵı ele de artadı;
2. Jańa informaciyalıq texnologiyalardı qollanıw sheberligi artadı;

3.Oqıwshılarda kreativ pikirlew hám operativ juwap qaytarıw kónlikpeleri jetilisedi;
4. Oqıwshılardıń dóretiwshilik potensialı artadı;
5. Juwmaq shıǵarıw, tájiriybe toplaw kónlikpeleri rawajlanadı.

Juwmaqlap aytqanda, sabaqtıń sapası, nátiyjeliligi oqıtıwshı tárepinen kórilgen puqta tayarlıqqa baylanıslı. Bunda sabaq islenbesiniń házirgi zaman aldıńǵı texnologiyalarǵa muwapıq jobalastırılıwı ayrıqsha áhmiyetke iye. Bilimlendiriw tarawında pedagogikalıq hám informaciyalıq-kommunikaciya texnologiyalarınan, internet hám informaciyalıq tálim resurslarınan paydalanıw sabaqtı joqarı dárejede shólkemlestiriwge járdem beredi. Bul tálim platformaları qaraqalpaq tilinde jaratılmaǵan. Soǵan qaramastan, hár bir oqıtıwshı óz pánine sáykeslestirip paydalana alıw múmkinshiligi jaratılǵan. Bilim beriw qaysı jol menen ámelge asırılıwına qaramastan, kópshilikke xızmet etse paydalı esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. https://lex.uz
2. https://kahoot.com
3. Abdinazimov Sh. h.b. Ana tili. Ulıwma bilim beriw mektepleriniń 10-klası ushın sabaqlıq. Tashkent, 2022
4. Брусницова Т. Н. О психолого-педагогических принципах компьютерной системы обучения Вопросы психологии. - 1996. - № 6. – С.164-172.
5. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери Нөкис Билим 1992